



KEMENTERIAN PENDIDIKAN, KEBUDAYAAN, RISET, DAN TEKNOLOGI

REPUBLIK INDONESIA

2023

Sate Pindhang Pesenan

Penulis : Syafi Rilla S. M.
Ilustrator: Angga Yuniar S.



B2



KEMENTERIAN PENDIDIKAN, KEBUDAYAAN, RISET, DAN TEKNOLOGI

REPUBLIK INDONESIA

2023

Sate Pindhang Pesenan

Sate Pindang Pesanan

Penulis : Syafi Rilla S. Maghfuroh

Ilustrator : Angga Yuniar Santosa

Penerjemah: Syafi Rilla S. Maghfuroh

Hak cipta pada Kementerian Pendidikan, Kebudayaan, Riset, dan Teknologi Republik Indonesia.
Dilindungi Undang-Undang.

Penafian: Buku ini disiapkan oleh Pemerintah dalam rangka pemenuhan kebutuhan buku pendidikan yang bermutu, murah, dan merata sesuai dengan amanat dalam UU No. 3 Tahun 2017. Buku ini diterjemahkan dan ditelaah oleh berbagai pihak di bawah koordinasi Kementerian Pendidikan, Kebudayaan, Riset, dan Teknologi. Buku ini merupakan dokumen hidup yang senantiasa diperbaiki, diperbarui, dan dimutakhirkan sesuai dengan dinamika kebutuhan dan perubahan zaman. Masukan dari berbagai kalangan yang dialamatkan kepada penulis atau melalui alamat posel balaibahasadiy@kemdikbud.go.id diharapkan dapat meningkatkan kualitas buku ini.

SATE PINDHANG PESENAN (SATE TELUR PESENAN)

Penulis : Syafi Rilla S. Maghfuroh
Ilustrator : Angga Yuniar Santosa
Penerjemah : Syafi Rilla S. Maghfuroh
Penyunting : Nur Ramadhoni Setyaningsih
Penata letak: Angga Yuniar Santosa

Penerbit
Kementerian Pendidikan, Kebudayaan, Riset, dan Teknologi

Dikeluarkan oleh
Balai Bahasa Provinsi Daerah Istimewa Yogyakarta
Jalan I Dewa Nyoman Oka 34, Yogyakarta
<https://balaibahasadiy.kemdikbud.go.id>

Cetakan Pertama, 2023
ISBN 978-623-112-518-7 (PDF)

Isi buku ini menggunakan huruf Andika New Basic 14-18.
ii, 24 hlm: 21 x 29,7 cm.

Kepala Balai Menyapa

Hai, pembaca yang budiman.


Kami mempersembahkan buku-buku cerita bernuansa lokal Daerah Istimewa Yogyakarta. Pembaca dapat menikmati cerita dan ilustrasi yang menarik di dalamnya.

Buku-buku cerita ini disajikan dalam dua bahasa, yaitu bahasa Jawa dan bahasa Indonesia. Semoga buku ini menumbuhkan minat membaca dan semangat melestarikan bahasa daerah serta menginternasionalkan bahasa Indonesia.


Selamat membaca!

Kepala Balai Bahasa Provinsi DIY

Dwi Pratiwi



Ranti



Ibu

Ranti weruh Ibu
ngonceki endhog
puyuh.


Jebule Ibu lagi nggawe
sate pindhang
pesenane bu RT.

Ranti pengin
ngrewangi.

Ranti melihat Ibu
mengupas kulit telur
puyuh.

Ternyata Ibu sedang
membuat sate pindang
pesanan Bu RT.

Ranti ingin
membantunya.




Ranti pancen bocah
sing sregep lan
prigel.

Saben dina dheweke
kulina ngrewangi
ibune masak.

Ranti memang anak
yang rajin dan
terampil.

Setiap hari dia
terbiasa membantu
ibunya memasak.




Ranti ngelungake
baskom isi endhog puyuh
kang wis oncekan.

“Napa malih, Bu?”
pitakone Ranti kanthi
semangat.

Ibu ndhawuhi Ranti
ngonceki brambang lan
bawang cacahé
sepuluh iji.

Ranti mengulurkan
baskom berisi telur
puyuh yang sudah
selesai dikupas. “Apa
lagi, Bu?” tanya Ranti
penuh semangat.

Ibu menyuruh Ranti
mengupas bawang merah
dan bawang putih
sepuluh biji.



Ranti njupuk brambang
siji mbaka siji saka
kranjang.

“1..2..3..4..5..6..7..
8..9..10, pas.”

Nuli Ranti njupuk bawang
lan ngitung maneh.

“1..2..3..4..5..6..7..
8..9..10, cukup.”

Ranti mengambil bawang
merah satu per satu dari
keranjang.

“1..2..3..4..5..6..7..
8..9..10, pas.”

Lalu Ranti mengambil
bawang putih dan
menghitung lagi.

“1..2..3..4..5..6..7..
8..9..10, cukup.”




Ibu nguleg bumbu
nganggo layah gedhe
saka watu.

Dene Ranti didhawuhi
methik godhong jeruk
limang lembar.

Ibu menghaluskan
bumbu menggunakan
cobek besar dari batu.

Sedangkan Ranti
disuruh memetik daun
jeruk lima lembar.



Omahe Ranti pancen
asri lan cekli.

Akeh tanduran kang
migunani.

Ranti nuju wit jeruk
purut sing dhuwure
sapangadeg.


“1..., 2..., 3..., 4..., 5...”

Rumah Ranti memang asri
dan rapi.

Banyak tanaman yang
bermanfaat.

Ranti menuju pohon jeruk
purut yang setinggi
tubuhnya.

“1..., 2..., 3..., 4..., 5....”



“Punika, Bu,”
ujare Ranti.

“Ini, Bu,”
ucap Ranti.



Ibu ngganga bumbu nganti bumbune alum. Bumbu sing wis mateng nuli digrujug banyu sasiwur.

Ibu uga nambahake kecap, gula aren, lan teh celup. Kabeh iku supaya rasane mirasa lan wernane luwih nyenengake.

Ibu menumis bumbu hingga bumbu itu layu. Bumbu yang sudah matang lalu diguyur air segayung.

Ibu juga menambahkan kecap, gula aren, dan teh celup.

Itu semua agar rasanya lezat dan warnanya lebih menarik.



**Nalika banyu umob,
endhog puyuh
dicemplungake wajan
alon-alon.**

**Mangsakane anjur
dienteni nganti
banyune asat lan
mateng.**

**Ketika air mendidih,
telur puyuh
dimasukkan ke dalam
wajan secara
perlahan. Kemudian,
masakan ditunggu
hingga air berkurang
dan matang.**



“Ibu, Bu RT
pesen pinten
sunduk?”

“Selawe sunduk,”
ngendikane Ibu.


“Ibu, Bu RT pesan
berapa tusuk?”

“Dua puluh lima
tusuk,” jawab
Ibu.



Udakara patang
puluh lima menit
endhog pindhang
wis mateng.
Endhog dientas lan
diatusake, banjur
disunduki telu-telu.

Sekitar empat puluh
lima menit telur
pindang sudah
matang.
Telur diangkat lalu
ditiriskan, kemudian
ditusuk tiga-tiga.



Ranti nyunduki
endhog sinambi
ngitung bola-bali.

1..., 2..., 3...;

1..., 2..., 3...;

1..., 2..., 3....

Sate sing wis dadi
diselehake ana ing
baki.

Ranti menusk telur
seraya berhitung
berulang kali.

1..., 2..., 3...;

1..., 2..., 3...;

1..., 2..., 3....

Sate yang sudah jadi
diletakkan di
nampan.



**“Hore!
Rampung!”
pambengoke
Ranti bungah.**

**“Hore!
Selesai!”
teriak Ranti
senang.**



“Saiki pesenane Bu RT selehna ing wadhah iki, ya!”

Ibu ngulungake rantang kothak ana tutupe.

“Sekarang, untuk pesanan Bu RT letakkan di wadah ini, ya!” pinta Ibu.

Ibu memberikan rantang kotak bertutup.




Durung nganti kabeh sate mlebu kothak, Ranti bingung.
Kamangka dheweke wis telaten lan teliti.
Ranti ngambali ngetung.

Belum sampai semua sate masuk ke dalam kotak, Ranti bingung.
Padahal dia sudah menghitungnya dengan telaten dan teliti.
Ranti mengulang berhitung.




Ranti ndhudhah
tumpukan sate pindhang
njero rantang.
Dheweke ngambali
ngetung saka njero
tatanan.
Dheweke sumelang
marang etungane.

Ranti membongkar
tumpukan sate pindang
di dalam rantang.
Dia kembali menghitung
dari dalam tatanan.
Dia khawatir pada
hitungannya.



“Bu, ngapunten menika sampun jangkep selangkung. Namung, kok taksih wonten turahane,” kandhane Ranti mangu-mangu.

“Bu, maaf, ini sudah sesuai dua puluh lima. Namun, kenapa masih ada sisa?” kata Ranti ragu-ragu.




Ibu mesem lan gedheg-
gedheg nyawang anake
sing pinter.

Ibu ngendika pancen
ana sisa. Sisane kanggo
Ranti minangka upahe
ngrewangi.

Ibu tersenyum dan
menggelengkan
kepala melihat
putrinya yang pintar.

Ibu mengatakan
memang ada sisa.
Sisa itu untuk upah
Ranti yang sudah
membantu.



Krungu jlentrehane ibune,
sanalika Ranti sumringah.

Sate pindhang panganan
khas saka Yogyakarta.
Sate pindhang kuwi uga
panganan kasenengane
Ranti.


Sauger lawuh ing
angkringan, mesthi sing
dijupuk sate pindhang.

Mendengar penjelasan
ibunya, seketika Ranti
gembira.

Sate pindang makanan
khas dari Yogyakarta.

Sate pindang itu juga
makanan favorit Ranti.

Setiap lauk di
angkringan, pasti yang
diambil sate pindang.




Biodata:

Penulis: Syafi Rilla Sari Maghfuroh. Nama pena Syafi Rilla S. Maghfuroh. Tulisan berupa cerkak, cernak, cerita remaja, dan geguritan dimuat di majalah Jayabaya, Panjebar Semangat, Solopos, Swaratama, Titis Basa. Penulis Antologi Crita Romansa: Sairis Semangka, 2021. Yogyakarta. Penerbit Interlude. IG: syafirilla.s.m nomer HP: 085706383936

Ilustrator: Angga Yuniar Santosa. *Full time* Ilustrator yang tinggal di Sedayu Bantul, aktif berkarya seni dan berpameran seni rupa. Sering mengisi kelas-kelas mengajar maupun workshop seni di berbagai ruang pendidikan dan umum. Kontak hubungi WA 082227597591

Penyunting: Nur Ramadhoni Setyaningsih. Lahir dan tinggal di Sleman. Saat ini ia aktif sebagai Widyabasa Ahli Muda di Balai Bahasa Provinsi DIY. Ia juga menjadi salah satu pengelola Jurnal Widyaparwa termasuk melakukan penyuntingan naskah. Selain itu, ia juga melakukan penyuntingan naskah-naskah cerita. Dapat ditemui di kantor dengan alamat Jalan I Dewa Nyoman Oka 34, Kotabaru, Yogyakarta; telepon (0274) 562070; posel nurramadhonis@gmail.com.









MILIK NEGARA

TIDAK DIPERDAGANGKAN

Ranti membantu ibu membuat sate pindang pesanan Bu RT. Mulai dari proses memasak hingga pengemasan. Proses tersebut sekaligus membuat Ranti belajar menghitung. Namun pada proses akhir Ranti bingung karena sate pindang pesanan masih sisa. Apakah hitungan Ranti salah? Bagaimana Ranti mengatasi masalah ini?

ISBN 978-623-112-518-7 (PDF)



**KEMENTERIAN PENDIDIKAN, KEBUDAYAAN, RISET, DAN TEKNOLOGI
REPUBLIK INDONESIA**

2023